
Литературон-музыкалон композици
«Нæртон фæткъуы – нæ мадæлон æвзаг»
Ахуыргæнæг
Дзуццаты Л.Д.
Дзæуджыхъæу

Сценæ фæлгонцгонд у, ирон æвзаджы тыххæй ахуыргæндтæ цы загътой, уыцы фыстытæй.

Хъуысы ирон музыкæ.

Кæсæг. Нæртон фæткъуы – нæ мадæлон æвзаг,

Йæ къалиутыл та мин-мин дыргъы хуртау,

Уæрхæджы фырттау хъахъхъæнджытæ мах

Фырхъалæй уæд фынæй цы кæнæм дуртау?

Ахуыргæнæджы раныхас. Нæ цины бонтыл ма бафтыд иу – ирон æзаджы бæрæгбон .15 майы Ирыстон фæбæрæг кæны ирон æвзаг æмæ литературæйы бон.

Бæрæгбон у царды хай.Равзæрд нæ мадæлон æвзаджы, нæ адæмы фидæныл хъуыды кæнгæйæ.Баст æрцыд,ирон адæмы æнусон цырагъ Къостайы «Ирон фæндыр» мыхуыры куы рацыд, уыцы бонимæ.

*1 амонæг*.Нæ фыдæлтæй нын хорзæй цы баззад, уыдон сты ирон æвзаг, ирон фарн æмæ æгъдау.Фæлæ сæ сæйрагдæр у æвзаг.Æвзаг у адæмы иууыл стырдæр исбон.Æвзаджы ис адæмæн сæ цард, сæ зонд, сæ зæрдæ.

*2 амонæг.*Ирон æвзаг у аргъæутты, таурæгъты, æмбисæндты, Нарты кадджыты æвзаг,Къоста, Васо, Секъа æмæ иннæ куырыхон лæгты æвзаг.

Иумæ. Уадз, ирон æвзаг хъуыса æнустæм зæххыл!

*3 амонæг.*О, стыр хæзна  кæддæриддæр хъахъхъæнинаг вæййы цæсты гагуыйау. Куыд нæ хъахъхъæнæм мах дæр нæ мадæлон æвзаг, кæд æмæ Нарты фæткъуыйау йæ дыргътæ  сты æлутон!Кæд æмæ æвзаг у адæмæн сæ кувæндон, сæ уд, сæ развæдамонæг.

Кæсæг. Цы удвидар басгуыхт  нæ дзырды фарн уастæн!

Мæ уарзт мын, мæ маст мын  æнустæм фæхаста.

Фыстой йæ сæрмæттæ, уæд скифтæ сæ фæттæй.

Сæ бæхты цæфхæдтæн сæ цъæхснаг цæхæртæй.

*Кæсæг.*     О, мадæлон æвзаг,дæуæн та цы зæгъон!

Дæу аккаг хæзна дзырд зæххы цъарыл нæй,

Мæ уды быцъынæг куы хауид мæ хъуырæй,

Уæддæр дæ æвдадзыл нæ акæнин уæй.

Куыннæ ис дунейы æвзæгтæ та бирæ,

Къуымыхдæр дзы се ‘хсæн иу иннæмæй нæу.

Мæ мадæлон æвзаг, хæрын дын ыстыр ард,

Æз се ‘ппæтыл иумæ нæ баивин дæу.

Æнæ дæу æз уаин куысыфтæгау афтид,

Цæрдудæй дын мардау æз уаин фынæй.

Мæн сусæны мæй дæр æнæ дæу нæ тавид,

О, мадæлон æвзаг, цæй диссаг дæ, цæй!

*1 амонæг*. Мадæлон æвзаг – дзыллæйы ахсджиагдæр тугдадзин.Мадæлон æвзаг - уæле исгæ, бынæй ахадгæ къæбиц.Æвæрд дзы ис нæ дзыллæйы историон æмæ культурон бынтæ.Арвы айдæнау дзы зынынц нæ фыдæлты цин æмæ маст, нæ национ удыхъæд.

*2 амонæг.* Иу бæлас, зæгъынц, базæронд æмæ загъта: О, адæм, æз зæххыл хæцынæй бафæлладтæн æмæ фæлдæхын, фæлæ-иу мæ фæсвæдмæ æгады æппæрст ма акæнут. Мæ ауыоны уæ бирæ куы фæдардтон».

Бæлас хаугæ-хауын дæр йæ кады мæт кодта.Нæ адæм фыдæй-фыртмæ хорздзинадæй цы сфæлдыстой, сæ кæстæртæн æгъдауы, зарæджы, фæндырдзагъды хуызы цы фарн ныууагътой, уый дæр бæлас у, уæдæ циу? Нæ царды, нæ намысы бæлас. Нæ фыдæлтæй нын цы сфæлдыстадон бынтæ баззад, уыдон нæ рагон адæмы зæрдæйы уидæгтæ сты сæ чысыл цины муртæ æмæ сæ се стыр хъыгтæй фæнывæзтой. Абон сæ чидæртæ сæ къахфындзæй къуырдтытæ кæны; адон та цы сты, цæмæн нæ хъæуынц? Фæлæ бæлвырд у иу хъуыддаг: бæласæн йæ къалиутæ цас бæрзонддæр цæуой, уый бæрц тынгдæр хæцы йæ уидæгтыл.

(Ирон цагъд)

*3 амонæг*. Æмæ цымæ адæм дæр афтæ не сты? Æз нæ мадæлон æвзаг, нæ райгуырæн зæхх нæ фыдæлты хорз æгъдæуттыл, нæ зарджытыл, нæ диссаджы фæндырдзагъдыл зæрдæйæ æнувыд чи у, уыцы адæмæй зæгъын. Кæддæр фынджы уæлхъус иу зæронд лæг йе ‘ргом

фæсивæды ‘рдæм раздæхта æмæ афтæ зæгъы: «Æвзаг, мæ хуртæ, æрмæст дзурынæн нæу,æвзаг æгъдау у».

*1 амонæг*. Адæмы хъæздыгдзинад мулкæй баргæ нæу. Мулк у адæймаджы царды рæстæгмæйы ныфс æмæ разæнгарддзинады хос, фæлæ æнусон нæу. Æнусон сты æрмæстдæр, нæ адæм йæ зæрдæйы рæсугъддзинадæй цы сфæлдыста, уыцы фæрныг æгъдæуттæ,кадджытæ , зарджытæ, таурæгътæ. Уыдон, фарн цæуæгау, цæуынц иу фæлтæрæй иннæ фæлтæрмæ, æмæ нæртон ронджы къусау сысгæ нæ кæнынц.

( Зарæг)

*Кæсæг.* Ирон фæндыр нын баззади фыдæлтæй,

У махæн та нæ хуыздæрты хуыздæр.

Ирон фæндыр… Рæсугъд зæрдæйы фæндтæй

Уый равзæрди, уый райгуырди кæддæр.

Æнæ фæндыр нæ фидауы Ирыстон,

Æнæ фæндыр мæгуырдæр кæны зæхх.

Фæндырдзæгъдæг, дæ цагъдмæ дын ныхъхъусон.

О, исты мын дæ цины зæлтæй зæгъ!

*2 амонæг*. Уæдæ цавæр ирон бæрæгбон фидауы æнæ фæндыры цагъдæй?

(2 мелодийы)

*Кæсæг.* Нæй фесæфæн ирон æвзагæн, нæй

Ирон æвзаг уæд фесæфдзысты демæ.

Ирон æвзаг мæ зæрдæ у мæнæн,

Куы мæла уый,уæд амæлдзынæн йемæ.

(Ныв «Ладимхан)

*Кæсæг.* Сты зондæн уацхæссæг æппæт дунейы ‘взæгтæ

Нæ дзы ‘ары хæстæг æмæ дæрддаг,

Фæлæ ныххойыс зæрдæйы къæсæртæ

Æрмæстдæр ды, мæ мадæлон æвзаг!

*1 амонæг*. Ирон æвзаджы хъысмæт аразгæ у не ‘ппæтæй дæр æмæ йыл хъуамæ иумæ зæрдиагæй архайæм.

(Ирон кафт)